

**PANGEMBANGAN MEDHIA TUNNEL BOOK KANGGO NGUNDHAKAKE KOMPETENSI NULIS TEKS
DRAMA MODERN KELAS IX SEMESTER GENAP SMPN 1 DLANGGU, MOJOKERTO
TAUN AJARAN 2017-2018**

Dina Rizki Amalia

Pembimbing: Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

dinaamalia@mhs.unesa.ac.id

ABSTRAK

Piwulangan basa Jawi ing Indonesia prelu dilestarikake minangka basa ibu. Salah sawijine cara nglestarike yaiku liwat pasinaon teks drama ing sekolahan. Salah sawijine sekolahan kang mulangake teks drama basa Jawa yaiku ing SMPN 1 Dlanggu. Sekolahan kasebut bakal didadekake objek panliten. Adhedhasar analisis kabutuhan siswa, siswa kurang nduweni kompetensi nulis teks drama modern. Mula bisa dimangerteni menawa siswa isih prelu anane medhia pasinaon kang luwih narik kawigaten siswa lan luwih gampang nampa materi nulis teks drama modern.

Medhia kang dipilih panliten yaiku medhia *tunnel book*. Medhia *tunnel book* bakal dikembangeke dadi sawijining medhia kang bisa biyantu siswa nulis teks drama modern lan bisa nambahi kawruhe siswa ngenani tetembungan basa Jawa. Underan ing panliten iki yaiku (1) kepriye proses pengembangan medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern kelas IX semester genap ing SMPN 1 Dlanggu, (2) kepriye efektifitas medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern kelas IX semester genap ing SMPN 1 Dlanggu, (3) kepriye respon siswa tumrap medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern kelas IX semester genap ing SMPN 1 Dlanggu. Ancas ing panliten iki yaiku (1) ngandharake proses pengembangan medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern, (2) ngandharake efektifitas medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern, (3) ngandharake respon siswa tumrap medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern.

Panliten iki kalebu panliten pengembangan lan proses pengembangan, adhedhasar modhel pengembangan R&D. Dhesain panliten kang digunakake yaiku *quasi eksperimen*. Populasi ing panliten iki yaiku kelas IX SMPN 1 Dlanggu. Sampel dipilih ora acak lan nduweni kompetensi nulis teks drama modern kang padha. Kelas IX-C minangka kelas kontrol, lan IX-I minangka kelas eksperimen.

Sadurunge medhia *tunnel book* di uji efektivitas, luwih dhisik diuji validitas medhia dening ahli validator lan reliabilitas instrumen sing digunakake kanggo ngumpulake dhata ing kelas uji instrumen. Adhedhasar ahli validhasi materi 1 dinyatakake layak kanthi persentase 92,5%, lan ahli validhasi materi 2 uga nyatakake layak kanthi persentase 87,5%. Ahli validhasi medhia uga nyatakake layak digunakake medhia kasebut kanthi persentase 92,5%. Saka pangitungan reliabilitas panliten 1 lan panliten 2 dinyatakake reliable saengga instrument layak digunakake kanggo panliten efektifitas medhia *tunnel book*.

Efektifitas medhia *tunnel book* diweruhi saka asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia lan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia sajrone proses pasinaon ing kelas. Panliten 1 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 10,608 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 31) = 2,05 $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 5,181. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake t_{hitung} = 7,007 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 62) = 2,05. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 1 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_a ditampa. Panliten 2 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 10,16 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 31) = 2,05 $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 4,04. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake t_{hitung} = 7,07 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 62) = 2,05. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 2 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_a ditampa. Asil saka uji efektivitas panganggone medhia *tunnel book* bisa mangaribawani asil pasinaon siswa lan efektif digunakake kanggo pasinaon nulis tesk drama modern.

Asil respon siswa kelas IX-I kang minangka kelas eksperimen, sawise nggunakake medhia *tunnel book* kagolong “apik”, kanthi persentase 81,28%. Asil respon siswa kasebut bisa didudut yen panganggone medhia *tunnel book* layak digunakake sajrone pasinaon nulis teks drama modern.

Tembung Wigati : Pengembangan, Medhia *tunnel book*, kompetensi nulis

PURWAKA

Piwulangan basa dhaerah kang ana ing Indonesia mligine Basa Jawa kang minangka basa ibu, saya suwe saya ditinggalake. Basa Jawa minangka basa dhaerah

ngandhung nile luhur saka nenek moyang basa Jawa, mula basa Jawa prelu dilestarikake. Salah sijine cara ngelstarikake yaiku liwat pasinaon basa Jawa ing Sekolah. Basa Jawa minangka basa dhaerah ing mancanegara saya

ngrembaka. Miturut Agustien (2006), basa Jawa ora bakal cepet mati, amarga isih akeh panuture kang mratandhani yen basa Jawa isih eksis lan fungsional. Kanyatan kuwi dibuktekake kanthi panlitene UNESCO kang nuduhake dene basa Jawa kuwi dituturake luwih saka pitung puluh lima yuta (75 Juta) wong kang manggon ana pirang-pirang daerah ing Indonesia lan manca. Piwulangan basa Jawa ing Jawa Timur umume wis nggunakake Kurikulum 2013. Amarga sajrone Kurikulum 2013 iku ana pendhidhikan karakter kang bisa ndadekake para siswa gati marang Basa Jawa supaya luwih ngrembaka maneh.

Kurikulum 2013 nduweni lakon kang wigati sajrone mujudake pendhidhikan kang kreatif lan inovatif, uga mujudake pendhidhikan karakter kang becik lan mangerteni sopan santun. Miturut Koesoema (2011:5), pendhidhikan karakter yaiku piwulangan kang nduweni ancas nguatake lan ngembangake tumindake bocah kang didhasari nile tartamtu, kang diwulangake ing sekolah lan panggonan sakupenge bocah kasebut. Karakter siswa kang nduweni pendhidhikan karakter iku bisa ndadekake bangsa iki maju amarga ngugemi budhayane dhewe. Kurikulum iku prelu disusun kang laras karo apa kang dibutuhake siswa zaman saiki. saenga bisa menehi pangerten, yen kurikulum iku prelu diundhakake. Basa Jawa dadi muatan lokal wajib ing piwulangan wiwit sekolah dhasar utawa saempere (SD/Sederajat) nganti sekolah menengah atas lan saempere (SMA/Sederajat) ing wilayah kang nggunakake Basa Jawa. Wilayah kang dimaksud yaiku Yogyakarta, Jawa Tengah, lan Jawa Timur, wiwit ngancik Kurikulum K-13. Bukti liyane kang luwih mligi yaiku saka Peraturan Gubernur Jawa Timur, Jawa Tengah, lan Yogyakarta yen netepake menawa Basa Jawa minangka muatan lokal wajib kang bakal diwulangake ana sekolah-sekolah wilayah kang sinebut mau.

Jawa Timur dadi propinsi kang telat tinimbang Jawa Tengah lan Yogyakarta kang luwih dhisik netepake Basa Jawa minangka muatan lokal wajib. Sajrone jurnal mahasiswa.unesa.ac.id jlentrehake ana aturan gubernur ngenani Basa Jawa minangka muatan lokal wajib kuwi kapacak ing Peraturan Gubernur Jawa Timur Nomor 19 Tahun 2014. Pergub mau isisne ngenani ketentuan, maksud lan tujuan, pelaksanaan pembelajaran (umum, strategi, kurikulum, materi ajar, evaluasi/penilaian), pengawasan lan monitoring, dana, lan panutup. Pergub iki resmi ditetepake ing Surabaya, tanggal 03 April 2014 kang langsung ditandhatangani dening Gubernur Jawa Timur, yaiku Dr. H. Soekarwo. Mula, wiwit taun 2014, Basa Jawa wiwit dadi mulok wajib kang diwulangake wiwit jenjang SD/ sederajat, SMP/ sederajat, lan SMA/ sederajat.

Piwulangan basa Jawa ing SMP iku nyakup maca, nyimak, wicara, lan nulis. Miturut Tarigan (2008:21) nulis yaiku tuwuhe lambang-lambang grafik kang nggambarake basa kang dimangerteni dening pawongan tartamtu, saingga pawongan liyane bisa maca lambang-lambang grafik kasebut yen pamaca bisa mahami basa lan tulisan iki bisa ditampa. Materi nulis ing kelas iku ngeliputi nulis teks drama utawa skenario, nulis crita, lan nulis laporan. Materi nulis drama modern ing kelas IX iki wigati kanggo

siswa, supaya bisa nggladi kreatifitas lan imajinasi kang diduweni siswa. Dene piwulangan teks drama diasia iku supaya siswa ora mung isa mragakake drama, nanging uga bisa nulis teks drama. Ana ing SMP luwih ngutamakake drama modern Basa Indonesia, mula ing kalodangan iki prelu dianakake panliten piwulangan teks drama modern basa Jawa ing SMP.

Teks drama ing pasinaon raket banget karo bebrayan. miturut Dewey (sajrone Sukardjo, dkk, 2009:14) ngandharake sejatine ancas pendhidhikan yaiku ngembangake sakebehe potensi siswa saingga bisa maedahi kanthi cara individual lan maedahi minangka anggota masyarakat lumantar kegiatan pendhidhikan lan pasinaonan kang asipat aktif, ilmiah, lan masyarakat sarta kanthi lelandhesan kasunyatan jrone panguripan sing bisa ngembangake jiwa, kaweruh, rasa tanggung jawab, katrampilan, kepinginan, lan kaluhuran budi pakerti. Kompetensi kang dituduhake ing pasinaon teks drama bisa mbiyantu siswa dadi anggota sosial kang sejati kanthi sawijine kahanan pasinaonan kang relevan karo kauripan kang nyata. Seni drama nduweni partisipasi kang aktif, siswa bakal nduweni saperangan pangalaman kang ngregani jrone ngembangake aspek-aspek kajiwan utamane aspek diwasane (Pratiwi, dkk, 2014:10).

Para siswa uga bisa luwih gampang mangerteni cara nulis teks drama, yaiku karo nggunakake medhia pasinaon. Amarga medhia pasinaon iku bisa narik kawigaten lan nuwuhake kreatifitas siswa anggone nulis teks drama modern. Medhia lan alat bantu iku wigati supaya siswa iku luwih mahami apa kang arep diwulangake ing kelas. Gunane medhia disadhari dening akehe praktisi pendhidhikan kanggo biyantu aktifitas proses piwulangan kang becik, utamane biyantu ngundhakake prestasi sinaune siswa. (Munadi, 2010:2). Salah sijine medhia kanggo ngundhakake nulis teks drama Jawa modern yaiku nganggo medhia *tunnel book*.

Medhia *Tunnel Book* iku medhia piwulangan kang isih durung dikenal utawa isih awam digunakake sajrone piwulangan basa Jawa. Medhia iki wujud kaya buku terowongan kang ana halaman kang digabung karo kertas potongan kang wujud kaya persegi panjang lan dikeletake sadhuwure bagean sisine. Buku terowongan iki isih kalebu perangan saka jinise buku *pop up*. Panliten pangembangan iku kalebu metode panliten kang digunakake kanggo ngasilake produk tartamtu lan nguji keefektifan produk. Babagan iki buktikake yen perkara sajrone panliten iku arupa produk kang ngundhakake medhia piwulangan kang inovatif. Panliten sajrone perkara iki milih *tunnel book* minangka piwulangan nulis teks, mligine nulis teks drama ing SMPN 1 Dlanggu.

Pamilihan SMP Negeri 1 Dlanggu minangka subjek panliten iki amarga SMP iki kalebu sekolahan favorit ing kawasan Kabupaten Mojokerto. Sekolahan iki isih durung nduweni guru basa Jawa kang kreatif nggawe medhia kaya *tunnel book*. Mula saka iku panliten nduweni inovasi supaya siswa SMP Negeri 1 Dlanggu bisa nggladi pikiran sadurunge kang nganggep piwulangan basa Jawa iku mboseni, lumantar medhia *tunnel book* iki bisa ndadekake piwulangan basa Jawa iku ora mboseni utawa nyenengake. Siswa kelas VII iki uga isih seneng dolanan

lan samubarang kang narik kawigatene siswa kasebut. Kanthi ora langsung medhia piwulangan *tunnel book* iki guru bisa menehi piwulangan kang ndadekake siswa minangka panunjang piwulangan saka segi gambar, warna, lan wujud.

Adhedhasar masalah kasebut panliten ngangkat judhul “Pangembangan Medhia *Tunnel Book* Kanggo Ngundhakake Kompetensi Nulis Teks Drama Modern Kelas IX Semester Genap SMPN 1 Dlanggu, Mojokerto Taun Ajaran 2017-2018”. Pamilihan medhia kang dikembangake iki dikarepake bisa dadi acuan sajrone proses piwulangan kanggo guru basa dhaerah, mligine basa Jawa.

Medhia kang dipilih panliten yaiku medhia *tunnel book*. Medhia *tunnel book* bakal dikembangake dadi sawijining medhia kang bisa biyantu siswa nulis teks drama modern lan bisa nambahi kawruhe siswa ngenani tetembungan basa Jawa. Uderan ing panliten iki yaiku (1) kepriye proses pangembangan medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern kelas IX semester genap ing SMPN 1 Dlanggu, (2) kepriye efektifitas medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern kelas IX semester genap ing SMPN 1 Dlanggu, (3) kepriye respon siswa tumrap medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern kelas IX semester genap ing SMPN 1 Dlanggu.

Ancas ing panliten iki yaiku (1) ngandharake proses pangembangan medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern, (2) ngandharake efektifitas medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern, (3) ngandharake respon siswa tumrap medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern.

METODE PENELITIAN

Panliten iku kalebu jinis panliten lan pangembangan (*research and development*). Miturut Borg lan Gall (1983:772) panliten lan pangembangan yaiku “*educational Research lan Development (RnD) is a process used to develop and validate educational products*”. Miturut Nana Syaodih (2006: 164) panliten lan pangembangan iku produk anyar utawa nyempurnakake produk kang wis ana, kang bisa dipercaya.

Wiwit panliten lan pangembangan iki, panliti ngupaya kanggo ngembangake produk kang layak lan efektif digunakake sajrone pasinaon. Panliten uga bisa mangerteni siswa iku bisa apa orane apa kang diterangake guru ing njero kelas lumantar medhia kang wis digawe. Produk kang dikembangake nalika panliten iki yaiku medhia pasinaon fisik *tunnel book* sajrone materi Teks Drama Modern.

Panliten iki nggunakake metode penelitian lan pangembangan utawa *Research and Development (R&D)*. *R&D* yaiku metode panliten kang digunakake kanggo ngasilake prodhuk tartemtu, lan nguji efektif apa orane prodhuk kasebut (Sugiyono, 2012:297). Panliten iki nduweni tahapan proses kang diwiwiti anane analisis kabutuhan siswa, ngumpulake dhata, dhesain prodhuk,

validhasi, revisi, uji coba prodhuk 1, revisi prodhuk, uji coba prodhuk 2, revisi prodhuk 2, lan prodhuksi medhia kang bakal diteliti kanggo panyengkuyung pasinaon ing sekolah.

Panliten iki ngembangake bahan ajar arupa materi nulis teks drama kang disinaoni siswa kanthi medhia *tunnel book*. *Tunnel book* yaiku sawijine perangan saka *pop up* nanging isih awujud 3D, yen *pop up* wujud wis 4 Dimensi. *Tunnel book* uga bisa sinebut buku terowongan, buku kang kasusun saka sa-set kaca kang digabung karo rong tugelan kertas ing ndhuwure lan ing sisine.

Prodhuk *Tunnel book* iki banjur di validhasi kanggo mangerteni kalemahan *tunnel book* lan bisa dideleng saka pambiji para ahli. Medhia kang wis dikembangake banjur dinggo nlinti asil pasinaon siswa serta respon siswa tumrap bahan ajar kang dikembangake. Panliten iki ditindakake tumrap siswa kelas IX SMPN 1 Dlanggu, Kabupaten Mojokerto.

Sugiyono (2012:137) ngandharake teknik ngumpulake dhata bisa dilakokake kanthi maneka warna setting, sumber, lan cara. Setting cara nglumpukake dhata sacara alamiah (natural setting), metode eksperimen, responden, seminar, diskusi lsp. Saka sumber dhatane bisa nggunakake sumber primer lan sumber sekunder. Cara utawa teknik ngumpulake dhata yaiku bisa kanthi cara pre-test lan pro-test, kuesioner (angket), observasi (pengamatan), lan nggayutake katelune.

1. Observasi

Teknik observasi minangka teknik kang digunakake dening panliti kanggo ngukur tingkat keefektivan medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake nulis teks drama modern kelas IX Semester Genap ing SMPN 1 Dlanggu, Kabupaten Mojokerto. Teknik observasi sajrone panliten iki nglibatake observer utawa pangamat, yaiku guru basa lan sastra Jawa kelas IX SMPN 1 Dlanggu. Peran guru basa lan sastra Jawa minangka pamulang nalika tahap uji coba medhia digantekake dening panliti, banjur guru basa lan sastra Jawa kasebut nduweni tugas minangka observer kang menehi nilai marang siswa nalika proses pasinaon. Alesan nggunakake guru basa lan sastra Jawa kelas IX SMPN 1 Dlanggu minangka observer tunggal gegayutan karo kaprktisan nalika panliten.

Supaya luwih cetha, ing ngisor iki prosedur pangumpulan dhata nggunakake teknik observasi kang digunakake panliti. (1) Nemtokake lan nyusun kriteri penilaian aktivitas siswa kang digunakake ing lembar observasi. (2) Menegahake lembar observasi marang observer. (3) Nyuwun tulung marang observer kanggo ngisi lembar observasi adhedhasar asil pengamatan nalika pasinaon teks drama modern nggunakake medhia *tunnel book*. (4) Ngumpulake lembar observasi kang wis diisi dening observer.

2. Tes

Miturut Arikunto (2013:266), tes digunakake kanggo mangerteni kawawasan dhasar, pencapaian utawa prestasi. Carane ngukur kawawasan dhasar antarane: tes ngukur IQ, tes minat lsp. Nindakake tes dadi kagiyatan kang wigati banget kanggo ngumpulake dhata

Sajrone panliten iki tes kang digunakake ana loro, yaiku: (1) Pretest lan (2) Post-Test. (1) Pretest yaiku tes kawiwitan kanggo sampel sadurunge diwenehi pamulangan nulis teks drama modern. Tujuwan pretest iki kanggo mangerteni kemampuan lan katrampilan e siswa. (2) Post-test yaiku tes sawise siswa diwenehi pamulangan nulis teks drama modern. Kaloro tes kasebut ditindakake kanthi alokasi wektu kang padha. Materi test uga padha.

3. Angket

Sugiyono (2012:142) ngandharake angket yaiku teknik nglumpukake dhata kang dilakokake kanthi cara menehi pitakon-pitakon tinulis marang responden kanggo mangsuli. Uma Sekaran sajrone Sugiyono (2012:142) ngandharake ana prinsip-prinsip sajrone nulis angket minangka teknik nglumpukake dhata yaiku; prinsip panulisan, pangukuran lan tampilane fisike.

Sajrone panliten iki angket kang disebarake kawiwitan yaiku angket ngenani kabutuhan siswa. Angket iki kanggo mangerteni kahanan siswa kang kawiwitan lan ngenani apa kang dibutuhake siswa. Sawise anane panliten, panliti nyebarake angket respon siswa. Angket iki kanggo menehi respon siswa nalika wis diwenehi tindakan. Tindakan ing kene yaiku pamulangan nggunakake medhia *tunnel book*. Angket iki kanggo sakabehe sampel kang atuk tindakan.

ANDHARAN

Andharan asil panliten iki bakal ngandharake wangsulane saka bab kang dadi underane panliten. Andhedhasar bab kasebut mula ing kene bakal dinadharake ngenani proses anggone ngembangake medhia *tunnel book*, efektifitas medhia *tunnel book* kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern tumrap siswa kelas IX SMPN 1 Dlanggu, lan respon siswa sawise nggunakake medhia *tunnel book*.

1. Proses Pengembangan Medhia Tunnel Book

Adhedhasar pola pangembangan Sugiyono, ana saperangan langkah kang kudu ditindakake kanggo ngembangake medhia. Tahap kang kawiwitan yaiku nganalisis kabutuhan masalah lan analisis isi medhia. Sadurunge nganalisis masalah luwih dhisik ngumpulake dhata-dhata masalah kang dialami siswa sajrone pasinaon nulis teks drama modern. Pangumpulan dhata kasebut kanthi cara mbagekake angket kabutuhan siswa marang kelas sampel kang wis ditemtokake yaiku kelas kontrol lan kelas eksperimen, kelas IX-C minangka kelas kontrol rata-rata HP yaiku 2,238, lan ing kelas IX-I minangka kelas eksperimen rata-rata HP yaiku 2,222. Saka katelu kelas kasebut bisa dirata-rata HP yaiku 2,228. Asil kasebut kalebu ing kriteria “ora njangkepi kompetensi”. Adhedhasar asil angket kabutuhan siswa kasebut diputusake nggunakake medhia *tunnel book* kanggo ningkatake kompetensi nulis teks drama modern.

Sawise diputusake apa jinis medhia sing salaras karo kabutuhan siswa kang disebar mau, banjur dianakake isi medhia kanthi ngrumusake indikator lan tujuwan pasinaon adhedhasar KI lan KD kang wis ditemtokake. Sawise iku banjur tahap dhesain prodhuk, sajrone dhesain prodhuk iku ana piranti kanggo nggawe medhia *tunnel book* lan uga dhesain ilustrasi. Medhia *tunnel book* iki digambar manual

yaiku digambar tangan lan dicat nganggo cat air kang apik, dadi gambaran ilustrasine bisa apik lan narik kawigaten. Sawise dhesain rampung, banjur ana tahap implementasi kanggo ngapiki medhia supaya siswa katarik kawigatene, kayata jilid medhia dadi buku, numpuk dadi siji medhiane supaya wujudé tiga dimensi.

Sabanjure yaiku validhasi marang ahli materi, supaya bisa dipriksa kualitas medhia *tunnel book* iki, cocok apa ora yen dikembangake ing materi nulis teks drama modern. Asil validhasi materi 1 lan ahli validhasi materi 2 bisa didudut yen medhia *tunnel book* dadi bahan ajar kang dikembangake layak digunakake kanthi persentase 92,5% saka ahli materi 1, lan persentase 87,5% saka ahli materi 2. Yen diskala riket medhia kasebut layak digunakake amarga persentasene sadhuwure 61%. Asil validhasi ahli medhia, yen dideleng saka gambaran ilustrasi lan warna wis narik kawigaten lan cocok yen digunakake ing siswa kelas IX. Mula ahli validhasi medhia menehi biji kang apik, kanthi persentase 92,5%. Saka ahli medhia lan ahli materi medhia bisa didudut yen medhia *tunnel book* layak digunakake kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks drama modern.

Sawise validhasi ahli medhia lan ahli materi, banjur nindakake revisi saka ahli medhia lan ahli materi. Samarine direvisi banjur nindakake uji kalayakan medhia marang kelas instrumen, yen dirasa layak bisa diuji efektifitas marang kelas eksperimen kang minangka kelas nggunakake medhia, kang dibandhingake karo kelas kontrol minangka kelas kang ora nggunakake medhia.

2. Uji Efektifitas Medhia Tunnel Book

Dhata asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol, yaiku kanggo ngerteni bedane efektifitas pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi efektifitas medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis efektifitas pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis skenario teks drama modern.

Dayane medhia pasinaon *tunnel book* kanggo ngundhakake nulis teks drama modern ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumus *t-test* signifikasi. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi diandharake kaya mangkene :

- Ngrumusake hipotesis H_a lan H_0 kanggo nemtokake *t-test* sajrone kelas kontrol lan kelas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :
 H_a : ora anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol
 H_0 : anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol
- Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol $1 \cdot 31 - 1 = 29$ lan saka kelas eksperimen $31 - 1 = 29$, mula db = $62 - 2 = 60$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$

- c) Nemtokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten I. Kriteria yaiku :

$$T_{hitung} \geq t_{tabel} = \text{kanggo } (H_0 \text{ ditolak})$$

$$T_{hitung} \leq t_{tabel} = \text{ditolak } (H_0 \text{ ditampa})$$

Adhedhasar tahapan ing ndhuwur, sabanjure bakal ngitung *t-tests*signifikasi. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi, yaiku :

Tabel 1
Efektifitas Pasinaon Kelas Kontrol lan Kelas Eksperimen
(Panliten 1)

Kelas Eksperimen					Kelas Kontrol				
No	Pretest X1	Posttest X2	Beda (X)	X ²	No	Pretest Y1	Posttest Y2	Beda (Y)	Y ²
1	63	82,9	19,9	396,01	1	63,85	72,9	9,05	81,9
2	65,5	86,2	20,1	404,01	2	59,7	72,95	13,25	175,56
3	67,5	80,4	12,9	166,41	3	68,8	81,25	12,45	155,003
4	66,3	80,45	14,15	200,22	4	56,4	79,6	23,2	538,24
5	83,75	87,85	4,1	16,81	5	61,4	61,35	-0,05	0,0025
6	71,3	78,75	7,45	55,50	6	68,85	68,8	-0,05	0,0025
7	60,5	87,9	27,4	750,76	7	71,3	83,75	12,45	155,003
8	58,05	82,1	24,05	578,40	8	63,85	75,4	11,55	133,4
9	66,3	84,55	18,25	333,06	9	53,9	77,1	23,2	538,24
10	68,8	86,25	17,45	304,50	10	73,8	76,25	2,45	6,0025
11	70,5	92,05	21,55	464,40	11	67,95	82,9	14,95	223,5
12	63,05	86,2	23,15	535,92	12	68,8	79,6	10,8	116,64
13	65,5	82,9	17,4	302,76	13	66,35	73,8	7,45	55,5
14	63	85,35	22,35	499,52	14	66,35	71,3	4,95	24,5
15	62,95	84,55	21,6	466,56	15	63,9	73,75	9,85	97,02
16	60,55	82,1	21,55	464,40	16	68,85	70,4	1,55	2,4
17	61,4	88,75	27,35	748,02	17	81,25	73,75	-7,5	56,25
18	87,9	79,6	-8,3	68,89	18	79,6	73,75	-5,85	34,22
19	75,45	88,7	13,25	175,56	19	61,35	82,9	21,55	464,4
20	61,3	91,25	29,95	897,0025	20	66,35	76,3	9,95	99,0025
21	76,3	78,75	2,45	6,0025	21	68,8	73,8	5	25
22	70,5	82,9	12,3	151,29	22	65,45	72,9	7,45	55,5
23	58,05	92,05	34	1156	23	51,4	65,4	14	196
24	65,5	91,2	25,7	660,49	24	81,25	67,9	-13,35	178,22
25	60,5	90,35	29,85	891,02	25	47,25	58,8	11,55	133,4
26	56,4	82,9	26,5	702,25	26	65,45	73,8	8,35	69,72
27	71,3	87,9	16,6	275,56	27	63,85	71,25	7,4	54,76
28	67,95	78,75	13,8	190,44	28	61,35	71,25	9,9	98,01
29	58,05	87,1	29,05	843,90	29	71,3	72,9	1,6	2,56
30	66,3	81,25	14,95	223,50	30	71,3	75,4	4,1	16,81
31	65,5	79,6	14,1	198,81	31	68,85	77,1	8,25	68,06
Σ	2058,95	2631,55	574,9	13127,98	Σ	2048,85	2288,3	239,45	3854,82

- a. Ngitung $\sum x^2$

$$M_x = \frac{\sum x}{N} = \frac{574,9}{31} = 18,54$$

$$\begin{aligned} \sum x^2 &= M_x^2 - \frac{(\sum x)^2}{N} \\ &= 13127,98 - \frac{(574,9)^2}{31} \\ &= 13127,98 - \frac{330.510,01}{31} \\ &= 13127,98 - 10661,61 \\ &= 2466,37 \end{aligned}$$

- b. Ngitung $\sum y^2$

$$M_y = \frac{\sum y}{N} = \frac{239,45}{31} = 7,72$$

$$\begin{aligned} \sum y^2 &= M_y^2 - \frac{(\sum y)^2}{N} \\ &= 3854,82 - \frac{(239,45)^2}{31} \\ &= 3854,82 - \frac{57.336,3025}{31} \\ &= 3854,82 - 1849,56 \\ &= 2005,26 \end{aligned}$$

Rumus *t-test* signifikasi

$$= \frac{[18,54-7,72]}{\sqrt{\left(\frac{2466,37+2005,26}{31+31-2}\right)\left(\frac{1}{31}+\frac{1}{31}\right)}}$$

$$= \frac{[10,82]}{\sqrt{\left(\frac{4471,63}{60}\right)\left(\frac{2}{62}\right)}}$$

$$= \frac{[10,82]}{\sqrt{(74,5272)(0,032)}}$$

$$= \frac{[10,82]}{\sqrt{2,3849}}$$

$$= \frac{[10,82]}{1,54} = 7,007$$

Adhedhasar biji *pre-test* lan *post-test* ing panliten I yaiku kelas kontrol lan kelas eksperimen bisa dideleng $t_{hitung} = 7,007 \geq t_{tabel}(0,05 \text{ db}=14) = 2,05$. Bab kasebut nuduhake yen H_0 ditolak lan H_a ditampa, dadi ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Saka dhata kasebut uga kawastanan yen medhia *tunnel book* nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis teks drama modern siswa kelas IX SMP Negeri 1 Dlanggu, Mojokerto. Dadi medhia pasinaon kang dikembangake efektif ing pasinaon teks drama modern. Dhata asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol panliten 2, yaiku kanggo mangerteni bedane efektifitas pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi efektifitas medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis efektifitas pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa

sajrone nulis skenario teks drama modern.

Dayane medhia pasinaon *tunnel book* kanggo ngundhakake nulis teks drama modern ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumust *t-test* signifikasi. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi diandharake kaya mangkene :

a) Ngrumusake hipotesis H_a lan H_0 kanggo nemtokake *t-test* sajrone kelas kontrol lan kelas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :

H_a : ora anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol

H_0 : anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol

b) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak.

Kanthi db saka kelas kontrol $31-1 = 29$ lan saka kelas eksperimen $31-1 = 29$, mula $db = 62-2 = 60$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$

c) Nemtokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten 2. Kriteria yaiku :

$T_{hitung} \geq t_{tabel} =$ kanggo (H_0 ditolak)

$T_{hitung} \leq t_{tabel} =$ ditolak (H_0 ditampa)

Tandhingan saka asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen sing ngandharake dhata saka medhia pasinaon *tunnel book*.

Adhedhasar tahapan ing ndhuwur, sabanjure bakal ngitung *t-test signifikasi*. Tahap kanggo ngitung *t-test signifikasi*, yaiku :

Kelas Eksperimen					Kelas Kontrol				
No	Pretest X1	Posttest X2	Beda (X)	X ²	No	Pretest Y1	Posttest Y2	Beda (Y)	Y ²
1	76,25	93,7	17,45	304,5025	1	68	77,1	9,1	82,81
2	71,3	82,1	10,8	116,64	2	68	74,6	6,6	43,56
3	77,1	81,25	4,15	17,2225	3	77,1	78,75	1,65	2,7225
4	74,55	82,9	8,35	69,7225	4	73,75	82,9	9,15	83,7225
5	61,35	86,2	24,85	617,5225	5	68,75	83,75	15	225
6	63,05	88,7	25,65	657,9225	6	75,4	83,75	8,35	69,7225
7	65,5	93,7	28,2	795,24	7	71,25	85,4	14,15	200,2225
8	73,8	82,9	9,1	82,81	8	81,25	78	-3,25	10,5625
9	66,3	85,35	19,05	362,9025	9	70,55	82,9	12,35	152,5225
10	74,6	84,6	10	100	10	78,75	82,9	4,15	17,2225
11	74,6	80,45	5,85	34,2225	11	73,8	78,75	4,95	24,5025
12	68	95,35	27,35	748,0225	12	75,4	80,4	5	25
13	73,75	86,2	12,45	155,0025	13	79,6	75,5	-4,1	16,81
14	70,5	85,4	14,9	222,01	14	73	70,5	-2,5	6,25
15	71,3	96,2	24,9	620,01	15	73,8	78,75	4,95	24,5025
16	87,05	87,85	0,8	0,64	16	73	77,9	4,9	24,01
17	68	88,75	20,75	430,5625	17	63	72,9	9,9	98,01
18	73,8	82,1	8,3	68,89	18	65,5	75,4	9,9	98,01
19	76,3	85,35	9,05	81,9025	19	70	81,25	11,25	126,5625
20	74,6	91,25	16,65	277,2225	20	75,5	83,75	8,25	68,0625

Kelas Eksperimen					Kelas Kontrol				
No	Pretest X1	Posttest X2	Beda (X)	X ²	No	Pretest Y1	Posttest Y2	Beda (Y)	Y ²
21	71,25	85,4	14,15	200,2225	21	73,85	73	-0,85	0,7225
22	73,75	82,9	9,15	83,7225	22	62,25	73	10,75	115,5625
23	78,75	84,6	5,85	34,2225	23	70,5	75,4	4,9	24,01
24	79,6	91,2	11,6	134,56	24	68	80,4	12,4	153,76
25	73	88,7	15,7	246,49	25	71,35	68	-3,35	11,2225
26	68	78,75	10,75	115,5625	26	81,25	76,25	-5	25
27	72,1	88,75	16,65	277,2225	27	75,5	92,9	17,4	302,76
28	71,3	92,9	21,6	466,56	28	83,75	81,25	-2,5	6,25
29	78,75	88,7	9,95	99,0025	29	68	68	0	0
30	81,25	82,9	1,65	2,7225	30	78,75	68	-10,75	115,5625
31	71,3	93,75	22,45	504,0025	31	80,4	82,9	2,5	6,25
Σ	2260,75	2698,85	438,1	7927,26	Σ	2269	2424,25	155,25	2160,89

a. Ngitung $\sum x^2$

$$M_x = \frac{\sum x}{N} = \frac{438,1}{31} = 14,13$$

$$\begin{aligned}\sum x^2 &= M_x^2 - \frac{(\sum x)^2}{N} \\ &= 7927,26 - \frac{(438,1)^2}{31} \\ &= 7927,26 - \frac{191931,61}{31} \\ &= 7927,26 - 6191,34 \\ &= 1735,92\end{aligned}$$

b. Ngitung $\sum y^2$

$$M_y = \frac{\sum y}{N} = \frac{155,25}{31} = 5,01$$

$$\begin{aligned}\sum y^2 &= M_y^2 - \frac{(\sum y)^2}{N} \\ &= 2160,89 - \frac{(155,25)^2}{31} \\ &= 2160,89 - \frac{24102,56}{31} \\ &= 2160,89 - 777,50 \\ &= 1383,39\end{aligned}$$

Rumus t-test signifikasi

$$\begin{aligned}t &= \frac{[M_x - M_y]}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{N_x + N_y - 2}\right)\left(\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y}\right)}} \\ &= \frac{[14,13 - 5,01]}{\sqrt{\left(\frac{1735,92 + 1383,39}{31 + 31 - 2}\right)\left(\frac{1}{31} + \frac{1}{31}\right)}} \\ &= \frac{[9,12]}{\sqrt{\left(\frac{3119,31}{60}\right)\left(\frac{2}{62}\right)}} \\ &= \frac{[9,12]}{\sqrt{(51,99)(0,032)}} \\ &= \frac{[9,12]}{\sqrt{1,6636}} \\ &= \frac{[9,12]}{1,29} = 7,07\end{aligned}$$

Adhedhasar biji *pre-test* lan *post-test* ing panliten 2 yaiku kelas kontrol lan kelas eksperimen bisa dideleng $t_{hitung} = 7,07 \geq t_{tabel}(0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$. Bab kasebut nuduhake yen H_0 ditolak lan H_a ditampa, dadi ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Saka dhata kasebut uga kawastanan yen medhia *tunnel book* nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis teks drama modern siswa kelas

IX SMP Negeri 1 Dlanggu, Mojokerto. Dadi medhia pasinaon kang dikembangake efektif ing pasinaon teks drama modern.

Efektifitas medhia *tunnel book* diweruhi saka asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia lan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia sajrone proses pasinaon ing kelas. Saka asil pasinaon ing rong kelas kasebut bakal dibandhingake lan ngasilake dhata yaiku ana lan orane pambada kang signifikan sajrone panganggone medhia *tunnel book*. Panliten 1 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 10,608 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 31) = 2,05 $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 5,181. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 7,007 \geq t_{tabel}$ (0,05 db = 62) = 2,05. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 1 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_a ditampa. Panliten 2 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 10,16 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 31) = 2,05 $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 4,04. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 7,07 \geq t_{tabel}$ (0,05 db = 62) = 2,05. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 2 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_a ditampa.

Asil efektifitas medhia *tunnel book* kang ngasilake dhata kaya ing ndhuwur, nuduhake yen medhia *tunnel book* kang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis teks drama modern siswa kelas IX SMPN 1 Dlanggu, Kabupaten Mojokerto.

3. Respon Siswa Tumrap Medhia Tunnel Book

Dhata respon siswa sawise nggunakake medhia *tunnel book* diklumpukake nganggo instrumen angket respon siswa. Angket respon siswa iki mung disebarake ing kelas IX-I minangka kelas eksperimen. Amarga kelas kasebut nggunakake medhia *tunnel book* sajrone pasinaon nulis teks drama modern. Dudutan asil analisis respon siswa kaya mangkene.

(1) Respon siswa kelas eksperimen asil rata-rata persentase yaiku 81,28%, asil kasebut kagaolong

“apik”, amarga akeh siswa kang seneng marang medhia *tunnel book*.

Adhedhasar saka asil respon siswa ing kelas kasebut, nuduhake menawa respon siswa marang medhia *tunnel book* kang dikembangake ing panliten iki “apik”, kang ateges siswa padha ngrasa seneng lan ngrasa dibantu sajrone proses pasinaon nulis teks drama modern nalika nggunakake medhia kasebut. Medhia *tunnel book* uga narik kawigatene siswa, amarga kuwi proses pasinaon dadi ora mboseni lan siswa ngrasa seneng marang materi nulis teks drama modern.

PANUTUP

Adhedhasar asil tintingan kang diandharake ing bab IV bisa didudut yen pangembangan medhia *tunnel book* wis layak digunakake kanggo panliten lan kagolong efektif ing pasinaon nulis teks drama modern ana ing SMPN 1 Dlanggu. Saka asil kabutuhan siswa kang dibagikake bisa didudut yen HP 2,238, kang nduweni makna ora jangkepi kompetensi. Validhasi medhia uga validhasi materi uga wis nganggep yen medhia *tunnel book* iki layak digunakake ing proses pasinaon teks drama modern.

Dhata asil uji efektifitas nuduhake yen medhia *tunnel book* kang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis teks drama modern siswa kelas IX SMPN 1 Dlanggu, Kabupaten Mojokerto. Saka dhata respon siswa uga bisa didudut yen medhia *tunnel book* iki ditanggepi dening siswa kanthi apik. Siswa uga tuwuh rasa seneng lan semangat nyinaoni materi nulis teks drama modern. Amarga ana medhia kang bisa narik kawigatene.

Pamrayoga kasebut uga ora mung marang panliti sabanjure, nanging uga marang guru lan calon guru kang sabendinane menahi piwulangan tumrap siswa-siswane. Para guru dikarepake bisa luwih kreatif lan inovatif maneh sajrone menahi piwulangan dening siswa, supaya siswa ora gampang bosen sajrone proses pasinaon. Guru uga dikarepake bisa ngundhakake kawasisan siswa ing sakabehe aspek. Kanthi anane kaya mangkunu bisa ndadekake guru luwih diregani lan diajeni luwih dhuwur uga bisa ngasilake para siswa kang cerdhas lan kreatif, bisa migunani tumrap bangsa lan negara Indonesia.

KAPUSTAKAN

Abni, Septia Rizqi. 2013. *Pengembangan Media Komik dalam Pembelajaran Menulis Cerpen pada Siswa Kelas IX SMP Negeri 17 Surabaya*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya. JBSI FBS Unesa

Agustien, dkk. 2006. *Buku Pintar Bahasa & Sastra Indonesia*. Semarang. Aneka ilmu

Aminuddin. 2013. *Pengantar Apresiasi Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Arsyad, Azhar. 2009. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada

Dalman. 2016. *Ketrampilan Menulis*. Jakarta: Rajawali Pers

Faturrahman, dkk. 2012. *Pengantar Pendidikan*. Jakarta: PT Prestasi Pustaka Raya

Koesoema. Doni. 2011. *Pendidikan Karakter Strategi Mendidik Anak di Zaman Global*. Jakarta: PT Gramedia

Kusumaningsih, Dewi, dkk. 2013. *Terampil Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: CV Andi Offset

Mahsun. 2014. *Teks dalam Pembelajaran Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada

Munadi, Yudhi. 2010. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Gaung Persada Press

Nurgiyantoro, Burhan. 1994. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Peraturan Gubernur Jawa Timur No. 19 Tahun 2014

Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan RI No. 79 Tahun 2014

Peraturan Pemerintah No. 19 Tahun 2005

Pratiwi, Yuni, dkk. 2014. *Teori drama dan Pembelajarannya*. Yogyakarta: Ombak

Putro, Devi Ratna Eko. 2017. *Pangembangan Materi Ajar Teks Drama Modern Awujud Pop up Book Siswa Kelas IX SMP Negeri 19 Surabaya*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: PBS D FBS Unesa

Riduwan. 2009. *Dasar-dasar Statistik*. Bandung: Alfabeta

Rohani, Ahmad. 1997. *Media Instruksional Edukatif*. Jakarta: PT Rineka Cipta

Sadiman, dkk. 2010. *Media Pembelajaran Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta : PT Raja Grafindo Persada

Saputra, Andini Ovi. 2017. *Pengaruh Media Komik Tanpa Kata dalam Pembelajaran Menulis Teks Cerpen pada Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Cerme, Gresik*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI FBS Unesa

Sudjana, Nana lan Rivai, Ahmad. 2010. *Media Pengajaran*. Bandung : Sinar Baru Algesindo

Sugiono. 2012. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta

Sugiono. 2017. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta

Sukardjo, dkk. 2009. *Landasan Pendidikan; Konsep dan Aplikasinya*. Depok: Rajawali Pers

Sumardjo, Jacob. 2001. *Beberapa Petunjuk Menulis Cerpen*. Bandung: Mitra Kencana

Suroso. 2015. *Drama Teori dan Praktik Pementasan*. Yogyakarta: Elmatara

Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis: sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa

